

## Modèl Deklarasyon Enpak sou Ekite pou Pwopozisyon ak Prezantasyon Komite Lekòl la

**Tit:** Estrateji Rekiperasyon ak Fon Elementary and Secondary School  
Emergency Relief (ESSER)

**Dat:** 30 Jen 2021

Èske nou te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal](#) la? An kou.

Si se wi, mete dat reyinyon REPT yo ak yon lyen pou REPT ki te fèt la isi: [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal ESSER 2021 BPS](#).  
Dat angajman yo parèt isi: [Fon Sekou Federal 2021 / Fon Sekou Federal 2021 BPS](#).

Èske yon manm Divizyon Ekite, Estrateji ak Twou Opòtinite a te revize deklarasyon sa a? Wi

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS	Rezime/Jistifikasyon
<p>1. <b>Pwopozisyon/Prezantasyon &amp; Enpak</b> <i>Ki rezilta dezire pou pwopozisyon/efò a, tankou elimine disparite? Kiyès ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo refleto idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (pami gwoup kle yo se moun ki Nwa, Panyòl, Aziyatik, miltileng, ak sa ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal)?</i></p>	<p>Rezilta dezire a pou estrateji Fon ESSER distri a se pou nou (1) Rekipere sa nou te pèdi pandan pandemi a – ki gen rapò ak byennèt akademik, sosyal emosyonèl, ak fizik – nan fason ki akselere aprantisaj epi bouche twou opòtinite yo, pandan nou (2) Re-imagine sistèm ak pratik BPS nan fason ki ranje sèn nan pou ekite ak ekselans pou tout elèv yo nan long tèm lan.</p> <p>Ofisyè Responsabilite Prensipal la te dirije zèv sa a an patenarya ak Biwo Angajman an pou yo dirije yon pwosesis angajman ak planifikasyon ki te enkli tout gwoup travay ak gwoup aksyonè BPS majè yo, tab won kominotè sou ekite, tab won sou ekite skolè, ak yon gwoup an deyò, Komisyon Sip. Ki te nonmen an. An tou, lidè zèv sa a ak aksyonè ki te angaje yo refleto elèv ak fanmi BPS yo.</p> <p>Chak Chef te resevwa fidbak nan men kominote a sou kò zèv Divizyon pa yo (ou ka wè fidbak la isi—li te entegre nan pwosesis planifikasyon yo, kòm yon egzjans avan apwobasyon finansman –<a href="#">Fidbak ESSER Sentetize – Vèsyon Entènèl</a>). Chef yo te asiste reyinyon pètinan (pa egzanp, Chef Estrateji ak Ekite a te asiste angajman ESSER avèk Tab Won Kominotè sou Ekite a ak Gwoup Travay OAG a). Kèk nan Chef yo te voye moun deziyen (pa egzanp, Asistan Sip OEL te asiste reyinyon DELAC ak ELLTF yo, Asistan Sip SELWell te òganize gwoup travay SELWell la sou ESSER.) Ou ka wè pwosesis angajman konplè a isi: <a href="#">Fon Sekou Federal 2021 / Fon Sekou Federal 2021 BPS</a>. Kesyon nan Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la te gide angajman yo. Pa te gen okèn gwoup separe, ki te sèvi ak zouti kòm yon pwosesis pou kont li.</p>
<p>2. <b>Aliyman ak Plan Stratejik la</b> <i>H Kòman pwopozisyon/efò a aliyen ak plan stratejik distri a?</i></p>	<p>Estrateji ESSER distri a fèt eksplisiman pou li pwofite de finansman an pou aplike objektif distri a nan Plan Stratejik senk lane li a, konsantre sou priyorite sa yo ki pi esansyèl pou rekiperasyon de sa nou te pèdi pandan pandemi a. Sila a aliyen ak objektif nan Plan Stratejik la, espesyalman 1.1, 1.2, 1.3, 1.4, 1.5, 1.6 ak 1.10.</p>
<p>3. <b>Analiz Done yo</b> <i>Ki done ki te analize? Èske li te dezagrege selon ras ak lòt gwoup kle? Kisa li te montre konsènan disparite?</i></p>	<p>Baz done ak prèv ki te sèvi pou devlope estrateji ESSER a parèt anba a. <a href="#">ESSER Data Story Slides Table of Evidence for BPS ESSER Funding.xlsx</a></p> <p>Done yo te dezagrege selon ras; dyapozitif istwa done yo montre disparite. Elèv Nwa, Panyòl, sa ki gen Bezwen Espesyal yo, ak sa ki sòti fanmi a fèb revni yo te pèfòme pi fèb nan kategori tankou angajman,</p>

	<p>sosyal emosyonèl, ak endikatè akademik. Sa vle di finansman an dwe sansib pou li repòn a bezwen etajè yo. Pou detèmine alokasyon pou lekòl yo, Komisyon an te fè yon Analiz pou Ekite Rasyal pou opsyon fòmil alokasyon pou asire ekite selon estati Edikasyon Espesyal, etajè Lang Anglè (EL), ak sosyo-ekonomik. Gade dyapozitif 8 a 11 nan <a href="#">BOUYON Reyinyon Komite Lekòl sou ESSER 29 Jiyè 2021</a>.</p>
<p><b>4. Angajman Aksyonè</b> <i>Kiyès ki te angaje (kantite, demografik, ak wòl yo), kòman ak kisa li te bay? Kisa elèv/fanmi ki afekte plis pa pwopozisyon/efò a te di?</i></p>	<p>Ofisye Kontabilite Prensipal la te travay ansanm ak Biwo Angajman an pou yo dirije yon pwosesis angajman ak planifikasyon ki te genyen tout gwoup travay ak gwoup aksyonè BPS majè yo, Tab Won Kominotè sou Ekite yo, ak tab won sou ekite skolè yo ladan li. An plis de sa, sipèntandan lan te nonmen yon Komisyon ESSER konpoze de lidè kominotè, paran, ak elèv.</p> <p>Chef Divizyon BPS yo oswa moun yo te deziyen yo te asiste reyinyon angajman pètinan. Pa egzanp, Chef Ekite, Estrateji, ak Twou Opòtinite a te asiste prezantasyon ESSER yo devan Tab Won Kominotè sou Ekite a ak Gwoup Travay Twou Opòtinite a, epi Asistan Sipèntandan Biwo Sante ak Byennèt la te òganize reyinyon Gwoup Travay Byennèt/Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl la (SELWell) sou ESSER. Ou ka wè pwosesis angajman konplè a isi: <a href="#">Fon Sekou Federal 2021 / Fon Sekou Federal 2021 BPS</a>. Kesyon nan Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la te gide konvèsasyon angajman yo s.</p> <p>Chak chef Divizyon BPS te resevwa fidbak nan men kominote a sou kò travay Divizyon pa yo, epi yo te oblije entegre fidbak la nan pwopozisyon yo avan yo te resevwa apwobasyon final (gade fidbak nou te resevwa isi: <a href="#">Sentèz Fidbak Inisyal sou ESSER - Pataje</a></p> <p>Finalman, nou te sentetize fidbak nan men aksyonè nan tout BPS, ki enkli Tab Won Kominotè sou Ekite a, Tab Won sou Ekite Skolè, reyinyon kominotè, ak Komisyon ESSER a (gade sou <a href="https://www.bostonpublicschools.org/domain/2958">https://www.bostonpublicschools.org/domain/2958</a>).</p>
<p><b>5. Estrateji pou Ekite Rasyal</b> <i>Kòman pwopozisyon/efò sa a bese disparite ak ògmante ekite, sitou ekite rasyal? Ki konsekans li pa te gen entansyon genyen? Ki strateji konplemantè ki pral vanse ekite plis?</i></p>	<p>Nou te fè yon Analiz sou Ekite Rasyal sou fòmil alokasyon fon lekòl pou asire ekite nan alokasyon pou sou-gwoup yo (gade analiz done pi wo a). Fòmil finansman ki te chwazi a, an repons a analiz ekite a ak pwosesis revizyon kominotè a bay yon alokasyon de \$744/pou chak elèv ki gen bezwen espesyal, etajè lang Anglè, oswa deziyasyon fèb revni, men okèn finansman pou elèv ki pa genyen youn nan karakteristik sa yo.</p> <p>Lekòl ki genyen pi wo kantite elèv Panyòl ak Bwa te resevwa pi wo kantite lajan. Nou kontinye ap konsidere kijan pou nou asire lekòl ki genyen pi wo nivo bezwen andedan sou-gwoup yo te ka resevwa plis alokasyon finansman (e.g. elèv ak andikap modere a grav, elèv sanzabri, ak/oswa nivo Devlopman EL 1 a 3).</p>
<p><b>6 Bidjè &amp; Aplikasyon</b> <i>Ki enpak ki genyen sou bidjè a? Kijan aplikasyon pral asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak ekite yo, satisfè? Ki idantite gwoup ekip aplikasyon ak, epi èske yo pral pòte yon vizyon ekite?</i></p>	<p>\$400M nan investisman ESSER yo (an deyò bidjè operasyonèl BPS la) pandan aplikasyon sou 3 ane skolè ap jere fiskalman pa Ofisye Finans Prensipal BPS la, epi pwogram nan ap jere pa Divizyon Kontabilite a. Nou antisipe Biwo Aplikasyon ESSER a pral dirije pa twa pèsònèl ki idantifye kòm Blan, Nwa, ak Panyòl respektifman, epi jere pa Ofisye Kontabilite Prensipal la (Afwo-Ameriken). Travay la ap soutni pa yon ekip kwa-divizyon sòti nan Finans (2 blan, 1 Azyatik, 1 Nwa), Angajman</p>

	<p>(2 Panyòl ak 1 Nwa), ak Estrateji (2 Nwa).</p> <p>Nan tout envestisman nan distri a, n ap evalye pwopozisyon pou finansman yo pou “enpak ekitab” kòm yon mezi nan pwosesis seleksyon an. Yon evalyasyon ekite “ba’ vle di elèv yo resevwa lajan oswa envestisman “egal”, men pwopozisyon an pa vize elèv ki gen plis bezwen yo.</p>
<p><b>7. Responsabilite &amp; Kominikasyon</b>  <i>Kòman nou pral evalye, dokimante ak kominike enpak yo a aksyonè yo? Kiyès k ap responsab pou sa a?</i></p>	<p>Se Ofisye Kontabilite Prensipal la ki responsab pou siveyans kontinye ak rapòtaj trimèstryèl devan Komite Lekòl la ak piblik la.</p>